Приложение № 2 к ООП ООО

**Фонд оценочных средств для промежуточной аттестации обучающихся по учебному предмету «Родной (чеченский) язык» (типовой вариант)**

*(5-9 классы)*

Обязательная часть учебного плана.

Предметная область: Родной (чеченский) язык и родная (чеченская) литература

# V-XI классийн дешархойн барта хааршна мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

**Дешархойн барта хаарийн мах хадоран критериш.**

**1. Дуьззина а, нийса а жоп далар.**

**2. Хаарийн кхетаман барам хилар.**

**3. Нохчийн литературин меттан норманаш ларъеш жоп далар.**

**«5» дуьллу:**

1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; материалах пайдаэца хаахь, шен масалш далош; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший йийца хаахь.

**«4» дуьллу:**

1амийна материал, кхета а кхеташ, юьззина схьайийцахь; шен масалш далош, материалах пайда оьцучу хенахь, цхьа-ши г1алат далийтахь, юха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацарш хилахь.

**«3» дуьллу:**

1амийна материал, г1алаташ деш, юьззина схьа ца йийцахь; материалах пайда оьцучу хенахь, шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцуш ца хи-лахь.

**«2» дуьллу:**

1амийначу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца еш, шен ойланаш хьалха-т1аьхьа нийсий, кхетамей, вовшашца йозушший юьйцучу хенахь г1алаташ дийлийтахь.

Дешархочун балха т1ехь г1алат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь. Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь барта жоьпаш луш, жигара дакъа а лаьцнехь, цуьнан балхана таллам бича, бакъонех пайдаэца хиънехь.



# V-XI классийн дешархойн диктантийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех.

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка юкъара юьллу.
2. Диктантана **«5»** дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. **«4»** дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я шиъ орфографичсски, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
3. **«3»** дуьллу, ялханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
4. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (я бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.
5. **«1»** дуьллу, нагахь 2 дуьллучул гIалаташ сов хилахь.

**Дсшархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант язъяле оццу классехь я цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.**

**Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:**
**1** программехь йоцу я Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационини а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, яханчу а хенийн чаккхенаш нийсаязъяр, спряженешкахь хандешнийн нийсаяздар, подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь ю);
2 тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* яздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле яздинехь;*
3 нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йогIу (егIу), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь;
4 орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала: *исс - иссалгIа-уьссалгIа, итт - итталгIа – уьтталгIа;*
5 къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсаяздар нийса- яздар, гIодар - гIо дар,* и. дI. кх.;
6 дешнашкахь дифтонгаш язъяр: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, еха - йиэха,* и. дI. кх. а. 7. *ЦIердешнийн къовсаме яздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. А;*
7 дешархоша далийтинчу гIалаташна юкъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

**Даккхий гIалаташ лору:**

1 хьалхенца Іамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографичсски, пунктуационни бакъонаш талхош долу гІалаташ.
2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хІаллакьхилла, меттахъхьайра.*
3. Дсшхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.
4. Хандсшнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар *(оху -охуна я охана, тоьгу - тоьгуна я тоьгана).*
5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала: *бохура я бахара, моьттура я моттара.*
6. Кху кенара цІердешнийн яздар: дечиган я дечган, эчиган я аьчган.
7. ЦІердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тІеэцна йолу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: *гІуллакх я гІулкх, гІиллакх я гІилкх.*

**Дсшархочун балха тІехь цхьамогІа (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш гІалаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга <u>н яздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у) яздарехь.</u>**
**Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен.**

## Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5»** дуьллу, массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;
**«4»** дуьллу, т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;
**«3»** дуьллу, болх ах я цул сов нийса бинехь;
**«2»** дуьллу, болх эханал к1езиг бинехь;
**«1»** дуьллу, цхьа а т1едиллар кхочуш ца динехь.

### Билгалдаккхар:

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

## V-IX классашкахь ечу талламан диктантийн мах хадор.

**Диктант** – иза офографех а, пунктуацех а долу хаарш таллaран кеп ю.
Талламан дешнийн диктанто зоь кхета хала йолу офограммаш. Иза хила йиш ю х1окху дешнийн барамехь:
5 класс-15-20 дош
6 класс-20-25 дош
7 класс- 25-30 дош
8 класс- 30-35 дош
9 класс- 35-40 дош.
Дешаран шеран 3-чу чийрикехь V-XI классийн дешархошна лучу диктантан герггарчу хьесапера барам кху кепара хила магийна:
V классана - 80-90 дош
VI классана - 90-105 дош
VII классана - 105 -120 дош
VIII классана- 120—135 дош

IX классана- 135-150 дош
X классана- 150- 160 дош
XI классана- 160 -170 дош
**(Дешнаш дагардеш лору г1уллакхан дешнаш а)**
Текст хоржуш, кху некъех пайдаэца беза:
1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературни метган лехамашца юьззина нийса йогIуш а хила еза.
2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довза а довзуьйту, доски тIе дIа а яздо.
3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, цу дешнийн нийсаяздар дешархоша Iамийна а дацахь, и дешнаш доски тIе дIаяздо.
4. Текст йоьшучу хьехархочо дIаешар литературни нийса а, муха яздан деза, дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, Iежийн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературни аларан норманашца цхьаьна а догIуш, чаккхенгара н ца олу, ткъа *саьрмик, ч1егIардиг* дешнашкахь г-ний, к-ний хьалхахь долу и а долуш санна олу.
5. I чийрик чекхдаллалц (5 классехь хьалхара эхашо) текстан барам кхул хьалхарчу классехь хилларг магабо.

**Талламан дешнийн диктантан мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:**
«5» дуьллу, цхьа а г1алат дацахь;
«4» дуьллу, 1-2 г1алат хилахь;
«3» дуьллу, 3-4 г1алат хилахь;
«2» дуьллу, 7 кхаччалц г1алат хилахь;
«1» дуьллу, 7 сов г1алат хилахь.
Дешархоша кхошушбинчу ненан меттан йозанан белхашна х1итточу оценкийн ч1аг1йина норманаш лелоро г1о дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхаяккхарна а, 1аморан а, таллараан а кепара болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.
Дешархойн хаарийн мах хадорехь коьра йолчу цхьанакепара йолчу оценкийн норманаша хьехархо мукъа ца вуьту х1ора йозанан белхан мах, массо аг1о а лоруш, шен-шен башхаллашца хадоран хьехархо декхарийлахь ву, г1алаташ а, церан масалла а тидаме эцна ца 1аш, кхочушбинчу белхан дикалла а, г1алатийн башхаллаш а тидаме эца.
Х1ора дешаран шо доладуш хьалхарчу четвертехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла д1адахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн дукхаллехь маго еза.Ненан маттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

# II. Изложенийн мах хадор.

Сочинени а, изложени а язъяр дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш (форманаш) ю.
5-9 классашкахь сочинени, изложени язъяр д1ахьо «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан т1едахкаршца дог1уш.

## Сочинени а, изложени а язъярехь толлу:

1) билгалйина тема схьаелла хаар;
2) темица а, хьесапца а дог1уш меттан г1ирсех пайдаэца хаар;
3) меттан барам а, нийсаяздаран бакъонаш а ларъяр.

Сочиненн а, изложенин а мах хадабо шина оценкица: хьалхарниг чулацамна а, меттан говзаллина а; шолг1аниг-нийсаяздарна а, сацаран хьаьркаш яхкарна а, дешнаш маь1ница нийса далорна а.

## Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадабо кху бакъонашна т1едоьг1на:

1) болх темица бог1уш бу я бац;
2) тема кхачо йоллуш схьайиллина ю я яц;
3) чулацаман хиламийн рог1алла нийса ю я яц;
4) меттан исбаьхьаллин басарех пайдаэцна я ца эцна;
5) къамелан кхачамбацарш ду я дац.

Нийсаяздаран мах хадабо дешархочо динчу нийсаяздаран, сацаран хьаьркаш яхкаран, грамматически г1алаташка хьаьжжина.Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетамца-кхиоран, 1аморан маь1на долуш а хила еза.

**Изложенина текст харжа еза кху барамашкахь:**

Vклассана – 100-120 дош
VI классана – 150-200 дош
VII классана – 220-250 дош
VIII классана – 300-350 дош
IX классана – 350-390 дош
X классана – 390-400 дош
XI классана – 400-410 дош

**Талламан изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.**
**Изложенина х1итточу оценкийн кху норманашкара куьйгалла эцар ца хилча ца торуш ду:**
1. **«5» дуьллу:**
а) нагахь изложенин текст хьалха-т1аьхьа нийса а, юьззина а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, г1алаташ доцуш а, галдаьккхина х1ума доцуш а йийцинехь;
аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, цхьаннал сов орфографин я пунктуацин г1алат а дацахь.
2. **«4» дуьллу:**
а) нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу г1уллакхийн ерриге коьрта меттигаш г1алаташ доцуш а, хьалха-т1аьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь;
аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат дацахь, орфографин кхаа а, пунктуацин шина а г1алатал сов уьш ца хилахь.
3. **«3» дуьллу**:
а) чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а елахь, хьалха-т1аьхьа г1уллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а ялийтинехь;
аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь деаннал сов г1алат дацахь, ялханнал сов орфографин а, деаннал сов пунктуацин а г1алат ца хилахь.
4. **«2» дуьллу:**
а) чулацам кхачаме боцуш а бийцинехь, бакъонца йолу материал хьалха-т1аьхьа нийса йийцарехь яккхий ледарлонаш а, нийса йоцу меттигаш а елахь;
аь) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ялханга кхочуш г1алат динехь;
б) дейттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат далийтинехь, царна юкъахь иссаннал сов доцуш орфографин г1алат а долуш.
Изложенина ши оценка юьллу: хьалхарниг грамматикана, шолг1аниг литературина.

# 11. Сочиненийн мах хадор.

5-9 классашкахь язъечу сочиненийн барам хила тарло кху тайпана:
5 классехь-0,5 я 1,0 аг1о;
6 классехь-1,0 я 1,5 аг1о;
7 классехь-1,5 я 2 аг1о;
8 классехь-2 я 3 аг1о;
9 классехь-3 я 4 аг1о.

И сочиненин барам цу т1ехь сецна боций хьехархочунна хаадеза, х1унда аьлча кхин дуккха а т1едахкаршца бозуш бу цуьнан чулацам:
1) дешархойн йозанан хат1 тайп-тайпана хилар;
2) сочиненин тайпане хьаьжжина цуьнан чулацам хийцабалар.

1. **«5»** дуьллу:
а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь цхьаннал-шиннал сов г1алат дацахь;
аь) цхьаннал сов доцуш жима орфографин я пунктуацин г1алат хилахь.
2. **«4»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь кхааннал сов г1алат ца хилахь;
аь) шиннал сов орфографин а, шиннал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

3. **«3»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь пхеаннал-ялханнал сов г1алат дацахь;
аь) пхеаннал сов орфографин а, ялханнал сов пунктуацин а г1алат дацахь.

4. **«2»** дуьллу:

а) дешнаш харжарехь я предложенеш х1итторехь ворх1анга кхочуш г1алат делахь;
аь) кхойттанга кхочуш орфографин а, пунктуацин а г1алат делахь, царна юкъахь ворх1анга кхочуш орфографин г1алат а долуш.

**Сочиненина ши оценка юьллу: хьалхарниг литературина, шолг1аниг нохчийн маттана.**

Ненан меттана йозанан белхийн оценкийн норманаш х1иттийна, нохчийн меттан специфически башхаллаш тидаме эцарца.

Пайдаэца






# Талламан белхаш.



# МХГ1Ф паспорт.

## 5класс.

| № | Белхаш | Тема. | Кеп |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. | Юьхьанцарчу классашкахь 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| **2.** | Талламан болх №2. | Синтаксис а, пунктуации а. Предложенин коьрта меженаш. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **3.** | Эхашеран талламан болх №3 | Синтаксис а, пунктуации а. Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **4.** | Талламан болх №4. | Фонетика. Графика. Орфографи. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **5.** | Талламан болх №5. | Лексикологи. | Тест |
| **6.** | Шеран талламан болх №6. | Морфологи. Дешан х1оттам. Ц1ердош. | Диктант грамматически т1едилларца. |

## Хаарш талларан болх №1.

# А.

**1. Караде ши аз билгалдеш долу   мукъа элпаш.**

1) аь, оь, уь
2) а, о, у
3) я, ю, е
4) и, э, ы

**2. Муьлхачу  элпашна  т1ехьа деха хезаш хилахь, __й__яздо?**

1)  а, аь, э
2) у, е, я
3)  о, оь, ы
4) и, уь, юь

**3.Билгалдаккха суффиксан г1оьнца кхолладелла дош.**

1)  1алам
2)  хазалла
3)  гуьйре
4)  дог1а

**4. Схьалаха нийса дешдакъошка   декъна дош.**

1) э-са
2) хаз-ал-ла
3) буь-йса
4) йок-кха

**5. Къастаде чолхе дешнаш.**

1)  х1усам
3)  жа1у
2)  хьехархо
4)  жималла

**6. Муьлха къамелан дакъош ду к1ел сиз хьаькна долу дешнаш?** *<u>Генарчу</u> <u>ломан</u> тарха т1ехь кхозура <u>йоккха</u>, <u>к1айн</u> марха.*

1.) ц1ердешнаш
2.) билгалдешнаш
3.) хандешнаш
4.) ц1ерметдешнаш

**7. Караде г1алат.**

1) дог1аьржа
3) шокьеттарг
2) хьагъяла
4) хазъелла

**8. Муьлхачу дешан чаккхенаш нийса яц.**

1) ненан дог
3) йишас хотту
2) лулахочун елира
4) деца вахара

**9. Х1орш ц1ерметдешнаш ду:**

1) бер, адам, да
2) беран, адаман, ден
3) цхьаъ, б1е, эзар
4) со, хьо, уьш

**10. Х1орш терахьдешнаш ду:**

1) бер, адам, да
2) беран, адаман, ден
3) цхьаъ, б1е, эзар
4) со, хьо, уьш

# Б.

**1. Хазачу меттехь 1уьллуш ю Сиржа-Эвла. 2. Шина а аг1ор лекха лаьмнаш ду.3.Ткъа бошмаша юкъйина эвла, церан когашкахь, лаха чохь 1уьллу. 4.Маь1-маь11ехь бухдуьйлу кегий шийла шовданаш. 5.Геннара б1аьрг кхетча, лаьмнашна т1ехь йолу хьун ца къаьста, и бацо хьулйинчух тера хета.6.Ткъа герга мел кхочу, гучудовлу лекха дитташ, царна юкъахь лоха кондарш. …**
**7.Самукъане меттиг ю хьун а, лаьмнаш а!**

**1. Х1ара х1ун текст ю?**

1.) текст-дийцар
2.) текст-суртх1оттор
3.) текст-ойлаяр

**2. Билгалъе текстан тема а, коьрта ойла а. Текстана ц1е тилла.**

**Жоп.__________________________________________.**

**3.Билгалъяха цхьанатайпанарчу меженашца йолу предложенеш.**

**Жоп.__________________________________________.**

**4. Схьалаха 2-чу предложенера коьрта меженаш.**

**Жоп.__________________________________________.**

**5. Билгалъяха долахь ц1ердешнаш долу предложенеш.**

**Жоп.__________________________________________.**

## Талламан диктант №2.

## Бекъа.

Дешаран шо чекхделира. Т1екхечира аьхкенан каникулаш. Хьуьсен Идрис волчу бригаде балха вахара. Сатоссуш хьала а г1оттий, бекъа 1амо волалора иза. «Казбек, схьало ког! Казбек, гора х1отта!»-бохуш 1амайора Хьуьсена иза. Инзаре дара Хьуьсен дуьххьара цунна т1ехууш. Бекъо охьатоьхна лазорна кхоьруш, наха т1ехаа ца вуьтура иза.

Бекъан амал дика евзара цунна. Дуьрстанан гаьллаш бага а йоьхкина, бекъа керта юххе а оьзна, т1ехиира Хьуьсен. Казбек т1ехьарчу когаш т1е ира а х1уьттуш, готийсаелира. Вехха идийра цо иза, амма Хьуьсен ч1ог1а 1ара говрахь. Дика хаьара цунна говраца шен дег1 лело….

(85дош. Х.-А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)

**Т1едиллар. Билгалъяха предложенийн коьрта меженаш.**

**1вариант.**

1-ра абзац

**2вариант.**

2-г1а абзац.

## Эхашеран талламан диктант №3

## 1аьнан оьг1азло.

1аьнна дагадеара массо а садолу х1ума шелонца кхеро. Цкъа хьалха олхазаршна т1едирзира иза. Олхазарш бовхачу махка д1адахара. 1адаккха дисинарш шайна ижу лоьхуш кхерстара.

Т1аккха акхарошна т1едирзира 1а. Аренашка а, хьаннашка а шортта ло диллира, ч1ог1а шело х1оьттира. Акхарой кхера ца елира. Цхьайолчеран йовха кетарш яра, вуьш лаьттах 1уьргаш а даьхна, д1алевчкъира.

Ч1ог1а оьг1аздахара 1а.

Шелоно татолашна а, 1аьмнашна а т1еш техкира. Цо царна ша бира. Ч1ерий хи буха дахара. Ша биначу хи к1ел шийла яцара.

Берийн ч1ог1а самукъаделира. Цара салазаш хохку, лайн мижаргех ловзу, лайн баба йо. (87дош. Туьйра.)

**Т1едиллар. Синтаксически таллам бе.**

**1-ра вариант**

Олхазарш бовхачу махка д1адахара.

**2-г1а вариант**

Шелоно татолашна а, 1аьмнашна а т1еш техкира.

## Талламан диктант №4.

## 1а.

1а 1аламехь уггар шийла хан ю. Муха хуур ду, 1а доьлча?
Халкъо олуш ду: «Малх ц1а кхаьчча, 1а дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул т1аьхьа дог1у масех де кхин хийца ца луш лаьтта. И денош д1адевлча, де дахдала долало. 1аьнан уггар шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла юлу 1а доьлла ткъа де д1адаьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта.
Чиллахь, г1айба санна, т1е ло а диллина, массо генаш лаьтта х1уьттуш букардахна хуьлу дитташ, коьллаш. 1аьнан хьун, хьежа ца к1ордош, исбаьхьа хаза хуьлу. Х1аваъ ц1ена саде1а атта долуш. (94 дош. Хь.Хасаев. «1аьнан чиллахь.»)

**Т1едахкарш.**
1.) Деха аз билгалдо элпаш шайца долчу дешнашна буха сиз хьакха.
2.) Фонетически таллам бе:
**1-ра вариант**
Дацделла, де.
**2-г1а вариант**
Д1адевлча, ло.

## Талламан диктант №5.

**1. Билгалдаха т1еэцна дешнаш.**

1) нана, да, ваша маь1на
2) ламаз, марха, аят
3) де, бутт, шо

**2. Къастаде тардина маь1нехь долу дешнаш.**

1) дашо з1е, т1улган некъ
2) стеган б1аьргаш, берийн куьйгаш
3) коран б1аьргаш, дашо куьйгаш

**3. Алар, яздар тайп-тайпана а долуш, гергара я цхьатера маь1на долчу дешнех**

1) омонимаш олу
2) антонимаш олу
3) синонимаш олу

**4. Маь1на тайп-тайпана а долуш, алар. яздар цхьатера долчу дешнех**

1) антонимаш олу
2) омонимаш олу
3) синонимаш олу

**5. Маь1наш дуьхь-дуьхьал долчу дешнех**

1) антонимаш олу
2) омонимаш олу
3) синонимаш олу

**6. Меттан дерриг дешнех … олу.**
1) фонетика
2) синтаксис
3) лексика

**7. Х1ара дешнийн цхьаьнакхетарш фразеологизмаш ю**
1) корта бетта, маттана шера
2) корта лозу, нохчийн мотт
3) хаза де, йочане де

**8. Х1ара дешнаш антонимаш ю:**
1) шовда-хьоста
2) ча-ча
3) де-буьйса

**9. Х1ара дешнаш синонимаш ю:**
1) шовда-хьоста
2) ча-ча
3) де-буьйса

**10. Х1ара дешнаш омонимаш ю:**
1) шовда-хьоста
2) ча-ча
3) де-буьйса

## Талламан диктант №6.

1алам. И дош доца делахь а, шен чулацам к1оргера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, хьаннийн а дахар 1аламах хаьдда хила йиш йолуш дац.

Самукъане, хаза б1аьсте чекхъелира. Т1ееара беркате, йовха аьхке. Иза адамашна уггар каде мур бу.

Акхарой а, олхазарш а синтем боцуш лелара. Цара шайн б1аьста дуьненчу евлла к1орнеш кхиайора, 1алашйора, уьш когайохуьйтура. Малх гучуболлушехь, дохк д1адайра, баца т1ера тхин т1адамаш дакъаделира. Дерриг 1алам, малхана дела а къежаш, д1ах1оьттира.

1аламо шен къайленех пайдаоьцуьйтур бу массо а садолчу х1умане. (80дош. Хь. Хасаев.)

**1. Дешнийн х1оттам билгалбаккха.**

**1-ра вариант**

чекхъелира, малхана

**2-г1а вариант**

дакъаделира, т1адамаш

**2. Морфологически таллам бе.**

**1-ра вариант**

1алам, б1аьсте, адам.

**2-г1а вариант**

дош, аьхке, малх.

# МХГ1Ф паспорт.

**6 класс.**

| № | Белхаш | Тема. | Кеп |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. | **V** –чу классехь 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| **2.** | Талламан болх №2. | Текст.<br>Къамелан дакъош. Билгалдош. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **3.** | Эхашеран талламан болх №3 | Терахьдош | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **4.** | Талламан болх №4. | Ц1ерметдош. | Т1едахкарш. |
| **5.** | Талламан болх №5. | Ц1ерметдош. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **6.** | Шеран талламан болх №6. | Хандош. 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Диктант грамматически т1едахкаршца. |

Хаарш талларан болх №1.

# А.

**1. Билгалдаккха дешхьалхенан г1оьнца кхолладелла дош.**

1) веара
2) веъна
3) схьавеара
4) ког1у

**2. Билгалдаккха суффиксан г1оьнца кхолла ца делла дош.**

1) дешар
2) вотанча
3) хехо
4) мохк

**3. Дешан хийцалуш долу дакъа … ду.**

1) суффикс
2) дешхьалхе
3) чаккхе
4) орам

**4. *Нилха*-бохучу дашна антонима карае.**

1) дукха
2) лекха
3) луьста
4) хаза

**5. Къастаде дешнийн ч1аг1делла цхьаьнакхетар.**

1) корта лозу
2) корта д1атуьйхира
3) корта оллийна
4) боккха корта

**6. Билгалдаха цхьаллин терахьехь бен ца лела ц1ердешнаш.**

1) буц, стигал, бутт,
2) хьонка, яхь, десте,

3) стаг, к1ант, буо.

**7. Схьакъастаде дукхаллин терахьехь бен ца лела ц1ердешнаш.**

1) нах, адамаш, бахамаш,
2) седарчий, дог1маш, мехкарий,
3) йовхарш, диларш, чуьйраш.

**8. Муьлха ц1ердош ца доьду 3-г1а легар чу.**

1) хи
2) ваша
3) йиша
4) мача

**9. Нисде г1алат.**

1.) Ц1.д. мила? х1ун?
2.) Др.д. хьенан? стенан?
3.) К.д. хьаьнга? стенга?
4.) Дс.д.хьанал? стенал?

**10. Ялийначу предложенин г1рамматически бух гайта.**

**Гуьйренан мохо техкадора къона синтарш.**

1.) синтарш техкадора
2.) мохо техкадора
3.) гуьйренан мохо
4.) къона синтарш

# Б.

**1. Варшахь <u>мангал</u> хьокхуш воллура воккха <u>стаг</u>. 2. <u>Хи</u> чохь <u>зока</u> а, т1уо чохь кхийран гуьмалк а, юург юкъахьарчийна шаршун <u>шед</u> а цо кхуран 1индаг1ехь битинера. 3.Тебаш, кхура к1ел деара <u>цхьогал</u>.4. Гуьмалка… хьожа а яьккхина, <u>корта</u> цу чу боьллира цо.**
**5. Г1аддахана т1о бууш доллура цхьогал. 6. Мац а вела, кхура к1ел веара воккха стаг. 7.Т1о бууш доллучу цхьогал… <u>б1аьрг</u> кхийтира цуьнан. 8. Т1екхетта схьалецира цо иза. 9. Цхьогал… <u>корта</u> т1уох буьзна к1айн бара. 10. Бета… <u>мотт</u> хьоькхура цо. 11. Воккхачу стаг… куллан кондарх д1адихкира цхьогал. 12. Сарралц мангал а хьаькхна, ц1а ваха кечвелира иза. …**

**1.Т1адамийн метта яхказа йисина чаккхенаш яхка.**

**2. Муьлхачу предложенехь воккхачу стагана гучуделира цхьогал?**

**3. Билгалъяха буха сиз хьаькхначу ц1ердешнийн классаш.**

4. **Дийцар чекхдаккха.**

## Талламан диктант №2.

### Нана-Даймохк.

Бийцина ца валлал, хаза, беркате мохк бу вайн. Тайп-тайпана дитташ долу хьаннаш ю, шера аренаш, лекха лаьмнаш. Чухьаьжча, юьхь-сибат а гуш, бухдуьйлу сирла шовданаш. Исбаьхьа чухчареш ю дешица, детица кхелина.

Дитта т1е олхазар хуу. Цо вайга дагара дуьйцу, шен зевне аз вайн дегнех а хьерчош. Т1аккха ойла кхоллало: «Ма хаза а, ма зевне а бу-кх хьо, Нана-Даймохк,»-олий. Иштта вайн мохк хаза, токхе хиларна деха вайца и тайп-тайпана олхазарш.

Бес-бесара бецаш ю, шеца олхазаршна дез-деза х1у а долуш. Стоьмаш бу: кхораш, комарш, стеш, хьармакаш (шиповник)… .

Уьш олхазарийн даарш ду. Адамаша олхазарийн 1уналла дан деза.
1ай арахь яах1ума а латтош, дитташ т1е гуйш а (кормушка) ухкуш…
(113дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Грамматически т1едиллар. Морфологически таллам бе.**

| **1-ра вариант.** | **2-г1а вариант.** | **3-г1а вариант.** |
|---|---|---|
| **Хаза** (мохк) | **Шера** (аренаш) | **Олхазарийн** (даарш) |

## Талламан диктант №3.

…Б1е ткъа километр некъ хьалхалецира автобусо. Х1ара ткъе ворх1азлаг1а вог1уш вара кху новкъа. Т1аьххьарчу ворх1-барх1 шарахь-м шера асфальт биллинчу новкъа атта йоьдура автобус. Цо делкъале кхачавора Семёновке. 1одо кхоьссича санна йоьдура и, некъа йистера ялташ ягаръеш. Кхунна х1ора колл евзара кху новкъахь. Колл-м ян а яцара. Аьхкенан малхо къиза ягийна, хьакхаделча куьйга хадор долуш, нилха яьлла йоца ира буц яра. Цхьа 1индаг1 а дацара б1аьрго ма-лоццу д1а, анайистах хотталучу, шерачу, ялта эрина ч1анаяьллачу арахь. Аренна т1е йижинчу йовхонан юькъачу тоьвнан тулг1еш хедош йоьдучу автобус чу довха х1о детталора.88 Шовзткъе пхоьалг1ачу шарахь кхо г1аш бинарг бара х1ара. Х1етахь-м х1ара берриге а г1амаран бара. Ког баьккхича, мачаш къайлайовлура а багош, чуьра когаш а багош… (112дош. Яшуркаев С. “Маьрк1аж-бодан т1ехь к1айн хьоькх.»)

**Т1едахкарш. 1. Буха сиз хьакха билгалдешнашна а, терахьдешнашна а.**

**2. Морфологически таллам бе.**

| **1-ра вариант.** | **2-г1а вариант.** | **3-г1а вариант.** |
|---|---|---|
| Ткъе ворх1 | ворх1-барх1 (шо) | керла (ло) |

## Талламан болх№4.

**Т1едиллар №1. Дешнашца д1аязде терахьаш.**

19, 39, 40, 59, 60, 80, 100; 234,567, 789, 999; 12357, 34568, 555678.

**Т1едиллар№2.**

Легаде ц1ерметдешнаш.

**1вариант**

со, хьо, и; со-суо

**2вариант**

Тхо, шу, уьш, вай-ваьш.

## Талламан диктант №5.

### Олхазарийн дуьне.

Берахь дуьйна хилла со олхазарш дезаш. Х1инца воккха мел хили а, ч1аг1луш схьабог1у сан цаьрга болу безам. Царех вуно ч1ог1а самукъадолу а сан. Дала ма-кхоллара, ц1ена, исбаьхьа ду олхазарийн дуьне. И дуьне девза-черан синош даима а сирла, ц1ена хир ду , Дала азаллехь кхоьллина ма-хиллар.

Сан дов хилла олхазарийн бенаш дохош болчаьрца, уьш лазош, заь1апдеш болчаьрца. Уьш адамех теша, ткъа цхьадолу адамаш къиза хуьлу цаьрца, къинхетам бохург х1ун ду а ца хууш. Делах ца кхоьру хир бу-кх уьш.

Олхазарша, пайда бар бен, зен ца до.Уьш ца хилча сагалматаш дебар яра. Ораматийн дуьне г1ийла хир дара я хиллане а хир а дацара.

Олхазарш вайх тешна ду,-вай царех тешна ду. Дуьненахь Дала мел кхоьллина х1ума вовшашца йоьзна ю. (116дош. С.-М. Гелагаев. «Олхазарийн дуьне-сан дуьне.»)

**Т1едиллар.**

**К1ел сиз хьакха ц1ерметдешнашна. Билгалдаха церан тайпанаш.**

**Шеран талламан диктант №6.**

Г1опал ара ца ваьлчхьана маьрша витинера к1ант. Уьйт1ара д1ахьаьжча гира цунна йовхонан тов хьийзочу мархана юккъехула долу лаьмнаш. Цигахь ша вина юрт хилар дагара ца долура. Г1опара вада салаьттара.

Г1опана гонаха бина лекха пен бара. Хаш маь1-маь11ехь лаьттара. Делахь а дог ца дуьллура к1анта. Аьтто лехарх карош бац. Хьуна дагахь а доцуш нисло иза. Иштта цкъа аьтто белира 1алин а. Ха деш волу салти цхьа г1уллакх хилла юьстахвелира. Сиха д1асахьаьжира к1ант. Пен телхина, ког билла киртигаш йолу меттиг гира цунна. Дукха маса цунна т1е а хьаьдда, дехьаиккхира иза.

Дехьа хехь лаьттачу салтичунна гира ведда воьду к1ант. Цо орца а даьккхина, шикхо дошло т1аьхьахецавелира.

К1ант г1опа юхавалийра. (106 дош. 1.Гайсултанов. «Кегий йийсарш.»)

**Т1едахкарш.**

**1. Хандешнашна буха сиз хьакха.**

**2. Морфологически талламаш бе.**

Ц1ердош, билгалдош, терахьдош, ц1ерметдош

**3. Хандешнаш хенашца хийца:** витинера, даьккхина.

# МХГ1Ф паспорт.

**7класс.**

| № | Белхаш | Тема. | Кеп |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. | VI классехь 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| **2.** | Талламан болх №2. | Хандош | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **3.** | Эхашеран талламан болх №3 | Причасти. Деепричасти. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **4.** | Талламан болх №4. | Масдар. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **5.** | Талламан болх №5. | Куцдош. | Т1едахкарш. |
| **6.** | Шеран талламан болх №6. | Г1уддакхан къамелан дакъош. 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Диктант грамматически т1едилларца. |

# А.

**1. Х1уманан  билгало гойтучу къамелан декъах … олу.**

1) ц1ердош
2) билгалдош
3) терахьдош
4) ц1ертетдош

**2. Х1уманан  дар я хилар гойтучу къамелан декъах …  олу.**

1) хандош
2) билгалдош
3) терахьдош
4) ц1ертетдош

**3. Ц1ердешан,  билгалдешан, терахьдешан метта лелачу къамелан декъах  …  олу.**

1) ц1ердош
2) билгалдош
3) терахьдош
4) ц1ертетдош

**4. Х1уманан  масалла я рог1алла гойтучу къамелан декъах … олу.**

1) ц1ердош
2) билгалдош
3) терахьдош
4) ц1ертетдош

**5. Къамелан дакъа нийса билгалдина дац х1окху дешнийн:**

1) цуьнан, тхайниг, сан-ц1ерметдешнаш   ду,
2) ненан, 1уьйренан, хазаниг-ц1ердешнаш ду,
3) нене, 1уьйрено, хазалла-ц1ердешнаш  ду,
4) шолг1аниг, иттех,  пхи-ялх- терахьдешнаш ду.

**6. Билгалдаха чолхе терахьдешнаш.**

1) ткъе итт, б1е кхойтта, ши эзар
2) дезткъа, кхойтта, кхузткъа
3) доьалг1а, пхоьалг1а, б1озза

**7. Х1ара тайпанаш терахьдешнийн ду:**

**(дуьззина д1аязде)**

1) мухаллин, юкъаметтигаллин, …
2) масаллин, рог1аллин, …
3) яххьийн, дерзоран, …

## 8. Караде г1алаташ.

1) ялхийтта, вуьрх1ийтта, берх1ийтта,
2) шийтта, дейтта, пхийтта,
3) доьалг1а, пхоьалг1а, б1озза

## 9. Билгалдешнаш хуьлу:

1) юкъара, долахь,
2) цхьалхе, чолхе, х1оттаман,
3) ламе а. лаамаза а.

## 10. Схьалаха хенашца нийса хийцина хандош.

1) деша, доьшу, дийши, дийшира, дешна, дешнера, доьшура, доьшур, доьшур ду.
2) деша, доьшу, дийши, дешна, дешнера, дийшира, доьшура, доьшур, доьшур ду.
3) деша, доьшу, доьшура, доьшур, доьшур ду, дийши, дийшира, дешна, дешнера,

## Талламан диктант №2.

Г1а доьжначу варшахь г1а дожаза лаьтта нежнаш, генара хьаьжча, элан литтанех тарлора. Ялтех юьззина лаьттина аренаш яссаеллера. Йовхо ца лора х1иллане лепачу малхо. Ирча, сингаттаме дара аренашкахь. Юьртахь дацара, х1ара ду аьлла, ойла т1ейоьрзур йолуш х1ума. Хуьлуш дерг хьаьжк1аш тило цхьаццаммо белхи бар дара. 1аьнна кечлуш, д1атуьйш долчу дахарна юкъа цо дахьарг а бен-берса х1ума дацара. Керташкахь д1ах1иттийнчу г1одмийн такхораша нилха ц1енош долу к1отар юкъйора. Такхораш дина д1ах1иттийнера Элберда шен г1одмаш а. Такхорашна юккъехь а, т1ехь а, мотт хьаькхча санна, ц1ена яра. Цхьаннахьа охьайоьжна луьйдиг яцара гуш. Гуьйранна ирча хуьлу яраш. Уьш бухъяьхначуьра оьрнаш Элберда д1ашардинехь а, леррина болх бар гойтуш, билгалдуьйлура. Дечу г1уллакхна и т1ера хилар хаьара… (106дош. Х. Эдилов.)

**Грамматически т1едиллар.**

**Морфологически таллам бе.**

**1-ра вариант**
билгалдуьйлура.

**2-г1а вариант**
яссаеллера.

## Талламан диктант №3.

Кертахь яьлла г1овг1а ца хаалора цунна. Цуьнан ерриге а ойла стиглахула г1ийлачу узарщца къилбехьа йоьлхучу г1арг1улеша д1алаьцнера. Кхеран кертахь яьлла хаза сийна буц, цундела кест-кеста корах ара б1аьрг тоха дог дог1у. Юург-мерг эца вог1у кху туькана гонаха мел веха стаг. Керта мел вог1у стаг саг1ина х1ума ца кховдош д1а ца вохуьйтура йоккхачу стага. Буьйцу мотт ц1ена а, шера а хиларца къаьсташ вара пхьоьхане гулбеллачу нахана юккъехь к1айн маж йолу зоьртала цхьа стаг…

… Кхораш чохь кочарчу т1оьрмигах ши лекъ, моший а кхозуш вог1учу Мурдална ма-ярра гора х1ара орцан когашкахь 1уьллу шайн юрт.

Котаман к1орнин г1ийла «ц1ик» иккхира кхуьнан семачу лерга. Эвла йолчухьара куьйра дог1ура. Цуьнан м1араш юккъехь кхозура и т1аьхь-т1аьхьа орцадоху к1орни… (112 дош.)

**Т1едахкарш. 1. Причастешна буха сиз хьакха.**

**2. Лаамечу причастешка а ерзош, схьаязъе текста юккъера лаамаза причастеш.**

**Кеп.** Яьлла г1овг1а- яьлларг, йоьлхучу г1арг1улеша- йоьлхурш.

**Талламан диктант №4.**

**Т1едиллар №1. Дешнийн цхьаьнакхетарш кхаа тобане декъа: билгалдош+ц1ердош, куцдош+хандош, причасти+ц1ердош.**

Оьзда стаг, оьзда д1авахара, совг1атана елира, аьлла илли, маьлхан з1аьнарш, инзаре дийцира, инзаре туьйра, гина стаг,
сарахьвеара, хезна туьйра, забарина элира, забаре адам, диллина сурт, мерза д1асакъаьстира, шелоннаца 1алора, йит-тина коч, коч йиттина, мела мох, ешна аг1о, сарахь еара, мелла хи, тешаме дот-таг1,х1уьттаренна йиира, дог1анан де, ду-халург делира, вуьзна хьаша, дика дешар.

**Т1едиллар №2. Т1адамийн метта д1аязде куцдешнийн тайпа-наш, х1ора тайпана пхиппа масала даладе.**

1. …куцдешнаш-,-,-,-,-.
2. …куцдешнаш-,-,-,-,-.
3. …куцдешнаш-,-,-,-,-.
4. …куцдешнаш-,-,-,-,-.
5. …куцдешнаш-,-,-,-,-.
6. …куцдешнаш-,-,-,-,-.

## Талламан диктант №5.

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чу шершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баьккхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… . (139 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

**Т1едиллар. Буха сиз хьакха деепричастина а, масдарна а, куцдашна а.**

**Дееприч.**

**Кеп.** Самадолуш.

## Шеран талламан диктант №6.

…-Маржа дуьне я1!-доккха са а доккхий, кет1ахула бай-йн ког а боккхуш, волало иза.

Т1аккха ц1ийна т1ехьа, беша, волу. 1ежийн, кхорийн, хьайбанийн дитташ лай к1елахь лаьтта…

Стаг вехха лела бешахула волалой, х1ора диттана юххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. Т1аккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц, Органа чу буссучохь, к1айчу лай т1ехь 1аьржа къеста ах хаьрцина б1ов.

Б1ов т1улгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а т1улгех. Уьш, ша-ша даьхча, т1улгаш ду, цхьаьна-б1ов.

Стеган сий а ду-кха б1ов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а г1уллакхех. Цо денна а дечу дикачу г1уллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь.

Б1аьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха. Ткъа б1аьвнаш-лаьмнех таръеш. (115 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»)

**Т1едиллар. Билгалдаха къамелан дакъош.**

# МХГ1Ф паспорт.

**8 класс.**

| № | Белхаш | Тема. | Кеп |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. | Vll –чу классехь1амийнарг карладаккхар. | Т1едахкарш. |
| **2.** | Талламан болх №2. | Синтаксис. Предложенин коьрта меженаш. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **3.** | Эхашеран талламан болх №3 | Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **4.** | Талламан болх №4. | Цхьалхечу предложенин кепаш. Предложенийн цхьанатайпана меженаш. | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **5.** | Талламан болх №5. | 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| **6.** | Шеран талламан болх №6. | Предложенин шакъаьстина меженаш.1амийнарг т1еч1аг1дар. | Диктант грамматически т1едилларца. |

**Талламан бол №1.**

**Т1едиллар №1. Билгалдаха къамелан дакъош.**

Комаьрша адам, гина к1ант, воьлуш лаьттара, шолг1а де. оьзда дахар, совг1а-тана елира. 1алелай, дитта т1ехь, ца гина х1ума, гонаха лаьттара, стоьла гонаха, шозза элира, амма, ма ала, суна-м ца лаьа, стеган дикалла, суо 1ара.

**Т1едиллар №2. Морфологически таллам бе:**
ц1ердашан, билгалдашан, терахьдашан, хандашан.

## Талламан диктант №2.

Хи чуьра ч1ерий дохуш сакъералора Хьажмурдан. Къаьсттина ч1ог1а сакъералора цуьнан дай чу хьоьжуш. Шен воккхах волчу вашас бина жима дуо бара к1ентан хи чу буг1уш лелош. Дуьйрийн мижарг а, ягийна ма1а а, багийна хьаьжк1ан кан а, сискал а тосура Хьажмурда цу чу. Башха хи к1оргачу метте а ца буг1ура цо иза. Шалажа а дацара иштта доккха хи а. Маь1-маь11ехь дог1ура и. Лохачу бердан к1ел, хи к1оргачохь, дуо буг1уш меттиг яра Хьажмурдан. 1уьйранна а, сарахьа чу моссаза хьожу а, чабакх а, ирг1у а, ч1ерий дохура цо.

Цхьана буьйсанна стигал къекъаш дог1а а деана, хиш дистира. 1уьйранна самаваьллачу Хьажмурдана хезаш яра дистинчу хино ен г1овг1а…

Ши-кхо де даьллачул т1аьхьа, хи дистинчуьра чудоьжча, хьажа ваханчу Хьажмурдана шен дуо ца карийра… (117 дош. Х-.А.Берсанов. «Вайн махкара акхарой а, олхазарш а.)

**Грамматически т1едахкарш. 1. Билгалъяха коьрта меженаш.**

**2. Предложенешна юккъера схьаязде дешнийн цхьаьнакхетарш, билгалъяха уьйраш:**

| **1-ра вариант** | **2-г1а вариант** |
|---|---|
| 1-ра предложени. | 5-г1а предложени. |

## Талламан диктант №3.

Ло дог1у даккхийчу чимашца, массо х1ума а хьулдеш. Малх ма-кхийтти, гуча-м дер ду дерриге а… Вон а, дика а. Жаьмбикна-м гуттар а и иштта дуьйла хаьара. Х1инца санна ца хиънехь а, геннахь, кхетаман к1оргенехь, ехара и ойла. Цо сецавора цхьадолчу некъашна т1е ца волуьйтуш. Хало-о-м дара иза, х1етте а и хало лан а лайна, т1ехъяьлча, декхна хетара денош а, буьйсанаш а…

Юкъ-юккъера екхна ю стигал. Мархашна юккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш. Куй д1а а баьккхина лаьттачу цуьнан коьрта т1ехь соьцу уьш, юха деша.

Цо д1атуьллу куй. Т1аккха хьаннашлахь 1уьллучу жимчу юьрте б1аьрг бетта. Д1атийна юрт. Юкъ-юккъехь бен стогарш а гац. 1аьржа г1аларташ а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бошмаш а. Тийна ю кхуьнан х1усам а… (117 дош. М.Ахмадов. «Мохк бегийча.»/

**Грамматически т1едиллар. Синтаксически таллам бе.**

**1-ра вариант.**

*Мархашна юккъехула 1еначу беттан серлонехь лепа чимаш.*

**2-г1а вариант.**

*1аьржа г1аларташ а хилла лаьтта ц1енош а, царна гонахара бошмаш а.*

## Талламан диктант №4.

### Цхьалла.

**Буьйса. 1аьржа, тийна буьйса.**

Цхьалла…Г1орасиз, синтем байна цхьалла.

Ма цхьаьна йог1у шуьшиъ! Вовшах къаста ца луш, б1ешерийн дохалла ши йиша хилла схьайог1у.

Амма яц шуьшиннан вовшашца я марзо а, я безам а. **Ца ваьллачу денна д1акхоьхьу дахаран мур бу.** Буьйса яьлла д1аяхча а ца юьту цхьалло…

Берх1итта шо ду и шиъ х1окху ц1ийнан дукъ гихь схьадог1у. Айманис лерина луьсту шен дахаран х1ора аг1о**.** Ерриге а беса ю, цхьа а яц воккхаверан лар йитина. Дега1ийжамаш, хьешна сатийсамаш, дегайовхонаш. Ур-атталла, ирсан з1ийдиг тесна меттиг яц.

И х1инца а инзаръюьйлу шаьшшиннан дахаран некъ, кхин ца хедаш, х1окху хене схьакхачарх…

**Берийн дуьхьа лаьлла садетташ.** Цара ницкъ а, доьналла а делла и хан яккха. Иштта д1аихна шераш… (111дош.)

**Грамматически т1едиллар. Билгалъяхначу предложенешна синтаксически талламаш бе.**

## Талламан диктант №5.

## Тест.

**1. Дешнийн нийсаяздаран бакъонех олу:**

1.) грамматика
2.) морфологи
3.) орфографи

**2.Карара уьйр хуьлу:**

1.) шина кепара
2.) кхаа кепара
3.) еа кепара

**3.Кху дешнийн цхьаьнакхетарехь бартбар уьйр ю:**

1.) аьхкенан де
2.) хаза аьхке
3.) хаза лаьттара

**4.Кху дешнийн цхьаьнакхетарехь урхалла уьйр ю:**

1.) аьхкенан де
2.) хаза аьхке
3.) хаза лаьттара

**5.Кху дешнийн цхьаьнакхетарехь т1етовжар уьйр ю:**

1.) аьхкенан де
2.) хаза аьхке
3.) хаза лаьттара

**6. Нохчийн маттахь коьрта меже:**
1.) кхоъ ю
2.) шиъ ю
3.) цхьаъ ю

**7. Кху предложенехь подлежащи дац:**
1.) Арахь хаза лаьттара.
2.) Арахь ло дог1у.
3.) Арахь стоьмаш боьхкира.

**8. Кху предложенехь сказуеми дац:**
1.) К1айн 1а.
2.) Схьакхечи шийла 1а.
3.) Г1а доьжнера.

**9. Кху предложенехь ц1еран х1оттаман сказуеми дац:**
1.) Шийла мехаш хьоькхура.
2.) Арахь шийла яра.
3.) Шозза диъ барх1 ду.

**10.Кху предложенехь хандешан х1оттаман сказуеми ду:**
1.) Арахь ч1ог1а стигал къекъара.
2.) К1антана г1ан гора.
3.) Сан вешина книга еша лаьа.

**11.Караде г1алат:**
1.) Саь1йд Бадуев-яздархо ву.
2.) Хазалла-сарралц, дикалла-валлалц.
3.) Къахьегар-сийлалла, болх цабар-сонталла.

**12. Кху предложенехь** хаза **боху дош къастам бу:**
1.) Хаза йистхилира къона зуда.
2.) Хаза къамел дира цо.
3.)Хазаниг т1еeара.

**13.Муьлхачу коьртазчу межено гойту дар, хилар:**
1.) къастамо
2.) кхачамо
3.) латтамо

**14. Кху предложенехь нийса кхачам бу:**
1.) Цуьнан б1аьргаш хих буьзира.
2.) Бовхачу малхо чоь серлаяьккхира.
3.) Сийначу стиглахула к1айн мархаш йоьлхура.

**15. Х1ара предложени билгалза-юьхьан ю:**

1.) Б1аьстенан мохо эсала техкадора къона синтарш.

2.) Туьканахь стоьмаш а, хасстоьмаш а боьхкира.

3.) Тахана тхоьга дуьйлийша.

## Шеран талламан диктант №6.

**…Маьрк1ажал т1аьхьа ц1акхечира нана.** Цецъелира иза гинчух. Йиттина ирхъоьхкина берийн бедарш, чохь юучух хаза яьлла хьожа, бовхачу маьнги т1ехь ловзу ши к1ант.

-Дукха яха хьо! Хьо-м х1инца аса цадийриг а деш, йоккха ма хилла. Хьан да, ц1аваг1ахь, тешар а вац, ахьа иштта г1уллакхаш до аьлча.

**Амма йоь1ан б1аьра хьаьжча, ненан бос хийцабелира.** Йо1 т1орказ чу хьаьжний а, цо цу чуьра кехат дешний а, хиира.

Кехат нанас Х1азанах лечкъоран шен бахьана дара. Нанна дика хаьара, Х1азанна шен сил а дукха да везийла. Тидаме эцнера баккхийчийн санна йолу йоь1ан амал, ойла, мотт. Цундела йо1ана, и ирча кхаъ хезча, цхьа х1ума хиларна кхоьруш ца аьллера нанас да валарх лаьцна. Хан яьлча, х1ума ширло, цул т1аьхьа сатоха хала цахир-кх аьлла, дитинера… (115 дош. С.-С. Саидов. «Мажъелла кехатан цуьрг.»)

**Грамматически т1едиллар. Синтаксически таллам бе:**

| **1-ра вариант** | **2-г1а вариант** |
|---|---|
| *1-чу предоженина* | *7-чу предложенина.* |

# МХГ1Ф паспорт.

**9 класс.**

| № | Белхаш | Тема. | Кеп |
|---|---|---|---|
| **1.** | Хаарш талларан болх №1. | VIII –чу классехь1амийнарг карладаккхар. | Т1едахкарш |
| **2.** | Талламан болх №2. | Синтаксис.<br>Ч-ЦП | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **3.** | Эхашеран талламан болх №3 | Ч-КП | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **4.** | Талламан болх №4. | Х йоцуЧП | Диктант грамматически т1едилларца. |
| **5.** | Талламан болх №5. | 1амийнарг карладаккхар. | Тест |
| **6.** | Шеран талламан болх №6. | 1амийнарг т1еч1аг1дар. | Диктант грамматически т1едилларца. |

**Талламан болх №1.**

## Т1едиллар №1. Пунктуационни анализ.

**1. Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде. Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьаязде.**

Баккхийчу нахана хаьара шайна т1ех1иттина лаьттачу къоначарна юкъахь хьекъална а(1) хьуьнаршна а(2) шайл цаоьшурш буйла. Хаьара шайл т1аьхьа цара оцу майданахь шайн меттиг д1алаца езийлаа(3) цундела баккхийчу наха сий дора т1екхуьучу къоначийн. Царалахь къастабой(4) шайна т1еийзабора хьекъале(5) хьуьнаре(6) кегийрхой.

**Жоп _____________________________________________________**

**2. Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде. Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьаязде.**

Хьанна ца евза и таме(1) хьожа йог1у буц? 1аждарбуц хьалайолу т1уьна йоцчу хьуьнхахь(2) ирзошкахь(3) хинан бердашкахь. Вайн лаьмнашкахь буц йолучу меттехь(4) иза массанхьа ю. 1аждарбуц дуккха а(5) шерийн буц ю. Иза деба орамашца а(6) х1уца а.

**Жоп _____________________________________________________**

## т1едиллар №2. Синтаксически анализ.

1. Предложенера **латтам** схьаязбе.

**Нохчийн къоман оьздангаллехь Iаламат мехала ю стеган Iаламца йолу юкъаметтиг.**

Жоп _____________________________________________________

2. Предложенера **тIедерзар** схьаязде.

**Хьан декаро, хьан хазачу мукъамо сан кийрахь дукха хенахь дуьйна схьа лаьттина йолу гIайгIа яшийна дIаяьккхинера, сан жима олхазар!**

Жоп _____________________________________________________

3. Предложенера **къастам** схьаязбе.

**Башха гена доццуш цкъа гучу а баьлла, юха а цхьана тIулга тIехьахь къайлабелира экханан букъ.**

## Т1едиллар №3 Орфографически анализ.

1. Билгалдаьккхина дош яздаран нийса тIечIагIдар далийначу жоьпан вариант билгалъяккха. Оцу жоьпан лоьмар дIаязъе.

1) **ЦА ДЕШАР** – «ЦА» дакъалг масдарца къаьстина яздо.
2) **ХIАЙТ-АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца яздо.
3)**ХЬОСТА** – хьалхарчу спряжени чудогIучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» яздо.
4) **ВЕДАНА** – долахь цIердешнаш жимачу элпаца яздо.

Жоп ____________________________________________________________

2. Билгалдаьккхина дош яздаран нийса тIечIагIдар далийначу жоьпан вариант билгалъяккха. Оцу жоьпан лоьмар дIаязъе.

1) **ЙОХ-ЪЯЛА** –дош сехьадоккхуш, «Ъ» шайна хьалхарчу элпех (дешдекъах) къасто мега.

1) **ЦХЬА-КIЕЗЗИГ** – ЦХЬА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца яздо.
3) **МОК-ХА** – дош сехьадоккхуш шалха элпаш декъа мега.
4) **КХОЧУШЙО** –цхьана дешдекъах лаьттачу хандешан гIоьнца кхолладелла чолхе хандешнаш цхьаьна яздо.

Жоп ____________________________________________________________

**Талламан диктант№2.**

Х1инццалц д1адаханчу шен дахаран дерриге сурт дуьхьал х1оьттира Ахьъядан оцу минoташкахь. Х1ара ког а шершина, 1инах чувог1уш, кхуьнан кара еара цхьа жима колл. Иза карахь йолу куьг кегийра дегадора. **Аьрру куьйго схьалаца бег1ийла х1ума лоьхура, амма кхо юьхьанца катоьхна т1улг, карара а баьлла, керчина 1инах чубахара.** Охьакхаьчча цо даьккхина тата халла бен ца хезира Ахьъядана… Ког д1атасабала х1ума яцара…

Ницкъ г1елбеллера. Дерриге а дег1ах шийла хьацар тоьхнера. Колл карахь йолу аьтту куьг кулла т1ерачу к1охцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера. Куьг а, пхьарс а ц1ийша дуьзнера, амма иза тергалдечохь дацара г1уллакх. К1антана вала ца лаьара, иза ца тешара шен дахаран т1аьххьара минoташ т1ех1иттина бохучух. …

Ц1еххьана цхьана х1уманах кхераделла д1аиккхира хьоза. Ткъа оццу минотехь лакхара охьа, ц1ийша дуьзначу к1ентан куьйга т1ехула охьабеара беха, шуьйра, къорза бухка… (123 дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

**Грамматически т1едахкарш. 1. Синтаксически таллам бе:**

| **1-ра вариант** | **2-г1а вариант** |
|---|---|
| 1-ра предложени | 3-ра предложени. **(Ц.П.)** |

**2. Синтаксически таллам бе 4-чу предложенина. (Ч-Ц.П.)**

**Талламан диктант №3.**

**Борз.**

Ц1еххьана ша лелочух шекваьлла стаг санна, самаяхна ойланаш а, б1аьргаш а, саца а сецна, т1ехьа хьаьжира иза. Г1ан-набарх дуьхьал дог1уш долу сурт санна, гена а воцуш лаьтташ цхьа стаг хетавелира цунна. Баймарзас воьхна б1аьргаш д1ахьаббира, амма цу сохьтехь д1абиллира. Т1епаза вайра и стаг. Юха а шех ца тешаш леррина, охьатаь1на хьаьжира иза. Амма цхьа а вацара гуш. «Хьо кхеравелча, т1ехьа ма хьажалахь», -дагатесира Баймарзина жима волуш нанас шена дина хьехар. Г1отана уллохь болчу г1одамийн такхорах букъ тоьхна, д1ах1оьттира Баймарза …

Г1ота уллохь яра х1инца. Ткъа ницкъ хилча, цу чу иккхина, уьстаг1 д1абахьа. Ма кхин х1ума ца оьшура Баймарзина. Цхьабакъду, Симбайн ж1аьлеша х1ара шайх волуьйтур ву бохург бакъ-м дацара. Сталина аьллера бохуш, ша Симбай ма ву, кхин къа ца хеташ, топ тухур волуш. Х1инца х1ун дийр ду ца хууш лаьттра Баймарза…

(130 дош. М.Мутаев «Борз»)

**Грамматически т1едиллар. 1. Синтаксически таллам бе Ч-КП-на.**

**Талламан диктант №4.**

Гуьйре д1аяла герга яханера. Мокха пардо т1едижинчу лаьмнашкара охьа шийла мох хьаькхира. Дека хезаш олхазарш а дацара, амма наггахь т1ехъэккхаш полла-м хуьлура. Г1алахь даима а хьоькхуш мох бара, яьлла чан а яра. Декаш хьозий а дара, ткъа урам некъашкахь цкъа цхьанхьа ховшуш, цигара д1ахьовдий, кхечухьа ховшуш, лелаш кхокхий а дара…

Курганов дукха лерина Беногa д1ахьаьжира, жимачу стаге ша т1едиллинарг кхочушдалур дуй-техьа талла воллуш санна. Бенос цунна т1ера б1аьрг д1а ца баьккхира –сох теша мегар ду, хьуна, бохуш санна. Пакет схьа а эцна, аг1орхьа а ваьлла, Танигахьа хьаьжира иза. Цецваьлла висира иза: мел тера яра иза х1инца Ульяшевах, дикачу, хьомечу Ульяшевах…

Шийла 1уьйре яра. Вокзалана гуо а баькkхина, ураме ваьлла Бено, воьхна волуш хьалхахьа д1а а хьоьжуш, цхьана а маь11ехь сецира. Шелоно лергаш дахьадора, когаш шелбора… (125 дош. С.-Б.Арсанов. «Маца девза доттаг1алла.»

**Грамматически т1едахкарш. 1. Синтаксически таллам бе:**

| 1-ра вариант | 2-г1а вариант | 3-г1а вариант |
|---|---|---|
| **Ч-ЦП-на** | **Ч-КП-на** | **Х йоцчу ЧП-на.** |

## Талламан болх №5.
## Текст т1ехь болх бар.



**1.Бух1а-хьекъалаллин** (мудрость) **билгало лоруш ю.**
**2. Бода болале ижу лаха арайолу бух1а. 3.Лохха а меллаша а лела иза лаь…тан татанашка ладуг1у цо.**
**4.Екхначу буса дика го цуьнан х1аваэхула лелар. 5.Башха т1емаш делла цунна Дала. 6.Ижуна ца тосайолуь…туш, иза лар…ян аьтто бо цара.**
**7. Аьхка дуькъачу г1ашна ю..къехь атта хьулло бух1а. 8.Ткъа 1ай базано а, багано а хьулйи…р ю бух1а шайн баьццарчу генаш т1ехьа.**

## Т1едахкарш.

1. Т1адамийн метта элпаш а х1иттош, т1ера схьаязъе текст. Бакъонца ч1аг1де нийсаяздар.
2. Д1аязйинарг текст хилар т1еч1аг1де. Х1ун цIе туьллур яра аша цунна? Билгалъяккха тема а, коьрта ойла а. Къастаде, муьлхачу стилехь язйина ю текст?

3. 4-5-чуй предложенешкахь авторо муьлхачу меттан суртхlотторан гlирсах пайда эцна?

4. 2-чу предложенина синтаксически таллам бе. Дийца коьртачу меженаша дешн. цхьаьнакхетар кхуллий? Х1унда.

5. 3-чу предложенехь сацаран хьаьркаш а х1иттош, дийца уьш х1итторах лаций. Билгалдаха дешнийн цхьаьнакхетарш. Парг1атчу а, ч1аг1деллачу а дешн.цхь.-на юккъехь х1ун башхалла ю?

6. 4-чу предл. схьаязде дешнийн цхьаьнакхетарш. Гайта х1ун уьйр ю?

7. Ялае антонимаш: бода, меллаша, екхна,

## Шеран талламан диктант №6.

Гонаха самадолуш дара т1ейог1учу б1аьстено дендина 1алам. Ч1енигаш а эт1ош, гучудевлла кегийра г1аш дара цхьацца долчу дитташ т1ехь гуш. Лакхахь хьоькхучу б1аьстенан мелачу механ тулг1е хьекхалора наггахь к1ентан дег1ах. Нанас дайн хьоькхучу куьйго санна, коьрта т1ехула хьакхалуш т1ехболура иза, кхуьнан коьртара месаш д1аса а яржош.

«Мохь тоха те аса? Орца даккха те?»-дагадеара к1антана. Т1аккха а, цхьанна д1ахазахь осала хетар ву-кх со, бохург дага а деана, юха а басах хьалатасавелира иза. Амма куьг а, ког а д1атаса х1ума цахиларна, юха а 1инах чушершаш воллучу кхуо катоьхна схьалецира ша х1инццалц 1ожаллин буйна ца вохуьйтуш сацийна йолу колл.

Кхунна гена доццуш охьахиира цхьа хаза бос болу хьоза. Д1а а, схьа а хьаьвзина, корта аг1ор баькkхина адаме а хьаьжна, «ч1ир-ч1ир»-элира цо, цкъа-шозза, кхосса а луш.

«Дависа, цхьана минотана, хьан санна, ши т1ам белира сан», -дагадеара дег1ера ницкъ кхачош воллучу к1антана… (139дош. Саракаев Хь. «Ирсе б1аьрхиш.»)

**Грамматически т1едиллар. Синтаксически таллам бе.**

| 1-ра вариант | 2-г1а вариант | 3-г1а вариант |
|---|---|---|
| 1-ра абзац | 2-г1а абзац | 3-4 абзацаш. |

# 10-г1а класс.

**Талламан диктант №1.**

**Медни**

…Сарралц баьгначу маьлхан тов дижанза, мела яра аьхкенан буьйса. Стиглан аре ма-ю догура нуьрен седарчий. Маь1-маь11ехь схьахезара бацалахь екачу цаьпцалгийн «цкъар», 1ам х1оьттинчохь пхьидарчийн г1ар. Дехачу дийнахь шайн хьашт-дезаршна идда к1адбелла юьртахой набарна токх ца хуьлуш 1охкура…

Оцу аьхка хаъал хийцаелира Медни. Дикка лакхайолуш дег1 даьккхинера, горгъеллачу юьхьа т1ехь 1ожан аг1онаш санна, беснеш йогура. Жимма малхехь,

мохехь 1аржалла кхетта шера лаг, стомма пхьарс, ност, еха к1ажарш. Кхуо х1инца х1уманна а са ца гатдора. Дешарх а дог диллина яьллера. 1уьрре г1оттий, ковкертара г1уллакх дора, жима ша мукъа яьлча, шен девешин зуда 1абатат йолчу йоьдий самукъадоккхура. Къаьсттина сакъералора цуьнан ши йо1 ц1а еанчу нисъелча.

Амма, доллучул а Меднина даг т1е синхааман марха тосуьйтуш ерг суьйре яра. Х1ара ч1ог1а йоккхаеш йоьдура сарахь бежнашна мало а, чохь-арахь дайа а хи дан. Цигахь хуьлура кхуьнан хенара мехкарий, кегий нах. Бесан тог1еш юьзна хуьлура адамех мичча хена а. (146дош. С-С.Саидов. «Эзарнийн зерашкахь»)

## Талламан диктант №2.

…Шийла 1а дара лаьтташ. Юьрта ваханчуьра г1ала-ц1а вог1уш вара со сайн деца. Доккха диллинчу лайх сакъералуш, новкъара д1а а вуьйлуш, лайла лелхаш, охьаветталуш вог1учу суна цкъа вулий дов деш, т1аккха велалуш, хьалхахьа д1аоьхура да. Г1алийний, юьртанний юкъ йоккха яцара. Цундела г1алара жимма схьаваьлча гуш хуьлура юрт. Иштта жимма юьртара схьаваьлча гуш хуьлура г1ала а, дуьхьала вог1уш стаг хилча, иза а геннара гора. Хаза дара лайно к1аййинчу арахь…

-Хьуьлла йог1у зуда гой хьуна?-элира дас.

-Цо хьайна х1ун эр ду хаьий хьуна?

-Х1ун эр ду?-дена юххе х1оьттира со.

-Хьо вон лелаш ву эр ду-кх, д1ахьажал хьаьйга, хьох верриг лайх вуьзна. Куьг тохий д1адаккха иза, вашор ву хьо, реза воцуш корта а ластийна, соцунг1а хиллачуьра д1аволавелира дада.

Пальто т1е летта ло сайга д1адаккхалург д1а а даьккхина, ведда т1аьхьакхиира со цунна…. (128дош. Дадаев.1. «Дайн бер.»)

### Талламан диктант №3.

### Хийист.

…Дитташ к1ел хийист х1уттура.

Малх лаьмнашна т1е охьалахбела, суьйранна д1абузале шен ерриге йовхо а, серло а дуьненчу схьакхийдош бара. Суьйре т1ейог1уш юьртахь хьаеллера дахаран г1овг1а: ц1а оьху бежнаш, уьстаг1ий, урамашкахь зевнечу маьхьарш-ца ловзу бераш, г1уллакхаш деш хьийза бахархой.

Ц1естачу к1удалан къамкъарга чохь йоьзан чами а бекош, хит1а яха араелира Медни. Кхуьнан к1айн, горгачу беснеш т1ехь товш хеташ дара коьртара мархийн басахь долу гуьлмаьнда, коган хьоркане кхочуш г1абалин хормехь тегна, стигал басахь еха коч, и сацош юткъачу г1одаюкъах дихкина, кучах шех долу доьхка, бай кога туьйдина ши к1арх. Х1ара хи эца тог1и чу охьайолаелча, 1индаг1ашкара схьаваьлла, кхунна т1аьхьакхиира Мовсар.

Меднина шена хаа а хууш дег1 дегаделира, юьхь ц1ийелира Мовсарх б1аьрг кхетча. Кхунна иза аьхке йоьлчхьана а вайна а вацара…

К1ентан амат дерриг а оьздачу битаме далийнера кхунна т1ехь йолчу ло санна к1айчу кисин кучо. Куча т1ехула дихкина дара шуьйра доьхка, цу т1ехь кхозу йоца шаьлта, коьрта тиллина жима б1ег1аган куй, когахь 1аьржа маьхьсеш.
(156 дош.С-С.Саидов. «Эзарнийн зерашкахь»)

**Талламан диктант №4.**

…К1айчу дахкарх хьерчаш т1ееара гуьйренан 1уьйре. 1аьнан хьалхара хьу хьакхаелла латта жима г1оро озийнера. Кхан шоралла генара стаг а ца гора дуькъачу дахкарлахь. Иза Меднис арабаькккхинчу некъана, кхерамах дукха ца ларъяла, боккха аьтто а бара. Х1ара Шуьйта боьдучу новкъа, нахала дика т1аьхьа а йисина, охьатаь11ина йог1ура. Дуккха а адам дара хьалнехьарчу ярташка даха новкъадаьлла. Цхьаберш ворданашкахь бара, важаберш гоьврашкахь а, г1аш а.

Шолг1ачу дийнахь, делкъа ламазана арайолуш чухьаьжча бен ца хиира Бикатуна Медни ц1ера еддий. Йоккхачу стага хиллачун шеко к1езиг йолуш, леррина лехира йо1. Т1аккха Медни карорах дог а диллина, и йижина хилла чоь талла елира. Кхуо чуьра йийбарш кегош, д1адоьттинчу истангаш юккъера схьаяькккхира Меднина т1ехь хилла коч, д1ахьаьжча, жимма д1ахердина карийра къевлина хилла кор. Кхийтира Бикату хиллачух. Х1ара сихха араик-кхина, 1абадатг1аьрга хьаьдира. Несо Медни шайга еъна а яц аьлча, кхин юьйхира. Юха жимма меттаеана, 1абатат а яхийтина схьакхайкхийтира марвешин бераш, йоь1ан шичой. Ден шичой а, берриг тайпана нах а арабев-лира Медни лаха. Верасаш йо1 лаха д1абоьлхуш, царалахь воккхах волчун т1е диллира Бикатус, Бесал дехьарчу Мадин керта хьовсар. Йоккхачу стага Мадаг1арах дегабаам бора, цуьнан к1анта ша йолчу а веана, Медни шена еза аларна… (187дош. С-С.Саидов. «Эзарнийн зерашкахь»)

# 11-г1а класс.

**Талламан болх№1.**

Б1аьстенан дуьххьарчех долу де хаза, декхна дара. Йист йоцчу стиглахь цхьа а марха яцара. Дег1ах маьлхан дуьххьарлера йовхо а юлуьйтуш, сапарг1ат вог1ура Товсолта…Белшах шен гуттарлера т1оьрмиг а кхозура цуьнан, чохь цхьацца инструменташ а йолуш. Колхозан беше хьажа араваьллера и. Юьртах ма-велли, х1инца башха гена а ца хеташ, малхехь лепа 1оман экъа яйча, цигахьа озийра цо. Ша цига д1акхаьчча, шена кхин а хаза дуьне гур долуш санна хетара. Цунна дукха хезнера 1омах лаьцна. Цигахьа дийнна жатташца лелара акха бедаш, шортта нислора иччархошна ижу: тодакхаш, мошарчий, дартанаш, лергъяхарш. Ч1ерийлецархоша 1ома йистехула, хи чухула гоьллелц ов текхош, я цул к1орго

йолчохь ванда а юг1уш, лоьцура яй-ч1ерий. 1ома юккъерчу оьзига т1ехь ч1ерий кечдо артель а, генайоццуш, хил дехьа, Жинийн 1ин чохь, шекар доккху завод а ю бохура. Товсолтина дуьхьалх1уьт-тура цигара суьрташ: пийсиг хьокхуш 1ома т1ехула гил-кеманца лела белхалой; бурама т1ехь, цкъацкъа, шайн жашца хил дехьабуьйлу, геннарчу Г1елийн орца уьш дажо д1адуьгу 1уй. Юхабаьхкинчу 1уша дуьйцура, цигахь акха кой а, лунаш а хуьлу бохуш… (162дош. М.Сулаев. «Берзан т1елатар»)

**Талламан диктант №2.**

…Ткъех чаккхарма гена дара 1ома т1е кхача. Юьртара а, лекхочу меттера турмала хьаьжча а, ц1енна гора цигара халстуш а, хидоькъе а, юххера г1ишло а, уллохь доьг1на ши лекха маьлказ а. «Чохь-саготте, арахь-сашорте»,-аьлла, д1аволавелира цигахьа Тавсолта. Б1аьстенан х1уо, дег1 дайдеш, ц1ена дара. Мела малх нийсса букъа т1е хьоьжура. Шен 1индаг1на т1аьхьаваьлла воьдура и. Шерачу арахь цхьанхьа а дисина ло ца гора. Хьалаг1ертара дуьххьарлера бецаш. 1аьнан йочунах сихха ловсардоьлла дог1ура латта а. Амма х1инца а сенъялаза лаьттара мокха бурсанан коьллаш а, некъа йистошкахула хьала-девлла муьжгаш а. Х1етте а аренан дахар б1аьстенна самадаьллера. Товсол-тина евзара г1амарпхьагалан лараш, оьпарчийн оьрнаш, хиндехкан тоьла. Цкъацкъа оьртхан кулла к1елхьара д1аэккхара моьлкъа я, некъ а хадош, 1ажаркхлахь боврa текхарг; наггахь тебаш текхара шен туьтан тутмакх-уьнт1епхьид, коьллашна т1ехула д1асалелхара вирмер1уьрг. Лекха т1ехула хьийзара маккхалш. Т1аьххьара а цхьана хин йисте кхечира Товсолта. Дехьа кхоссалур воцуш шуьйра а, гарехь, к1орго а дара хи. Жимочу гу т1ера д1асахьаьжира х1ара. Цхьанхьа а, б1аьрго лехарх, гечо дацара. Г1елвелла Тов-солта, ойлане ваьлла, гу т1ехь лаьттара, татоле а хьоьжуш… (166 дош. М.Сулаев. «Берзан т1елатар»)

**Талламан диктант №3.**

Шайн халкъ бехк-гуьнахь доцуш махках даьккхинчул т1аьхьа ерриг фронташкахь а, партизанийн боламашкахь а, дера а, турпала а летара нохчий. Оцу т1е уьш тоьттура масех бахьано. Даймахкана ямарт хилла аьлла, нохчийн халкъана тиллина ц1е харц хилар хаийта г1ерташ. Т1амехь болчу нохчийн к1енташа турпала хьуьнарш, Даймахкана тешам а гайтича, бехк боцуш, харцо т1е а кхоьллина, махках даьккхинчу халкъана т1ера и харцо д1аяккхаре догдохуш а. Шайн халкъана т1е кхоьллина и харцо а, дина эхь а ца лалуш, т1еман арахь 1ожалла лоьхура. Амма шен халкъана эхь дина, цунна харц та1зар дина аьлла, мостаг1ашкахьа ца волура цхьа а.

Халкъ, та1зар деш, махках даьккхинчул т1аьхьа, т1амехь хьуьнарш гайтинчу нохчашна орденаш ялар а, турпалхочун ц1е тиллар а сацийра фронтан коман-

дованис, я Москвахь чекх ца бовлуьйтура уьш. Цундела, эскаран, дивизин я полкан командованин хьехаршца, орденна я турпалхочун ц1арна хьуьнар гайтинчу цхьаболчу нохчийн эпсарша шаьш кхечу къомах язбойтура-гуьржий, г1езалой, г1умкий, суьлий… Иштта цхьацца толаман де т1екхаччалц т1амехь бисира дуккха а нохчий. (154дош. А.Айдамиров. «Кхолламан цхьа де.»)

**Талламан диктант №4.**

Оцу 1уьйранна иза хьалхxе самаваьллера. Т1уьначу ц1а чохь шийла яра. 1аьржа дот1анаш лилхина йоккха пеш тоххарехь шелъеллера, цунна хьалха даьржина т1уьна дечиг а дара. Пеше кхаччалц йолу ножан шуьйрачу стоьла т1ехь къепе йоцуш 1охкура книжкаш, журналаш.

Арахь къаьстачу синбилгалоно чохь долу массо а х1ума цхьа башха хоьтуьйтура. Сиха юрг1а д1а а тесна, иза хьалаг1аьттира. «Хьала-охьа наб кхетар яц». Т1е х1ума а юьйхина, мехкдаьттан стогар хьалалатийра цо. Районехь ток йоцу цхьа к1ира сов дара. Электроз1е дарцо, вуно доккха деанчу лайно, ха-дийнера. Х1ара командировке хьажийначу больницехь ток йоккху мотор яра болх бойтуш. Стогаран серлонехь чохь д1асаяьржина х1уманаш д1асайохуш, нуй хьаькхна, пеша хьалхара дечиг д1алистина, стоьла т1ера книжкаш а, журналаш а д1алистира лоьро.

Эххар т1еера шийла 1уьйре. Корал арахь даккхийчу лайн чимашца ло дог1ура.

Март беттан юкъ яра. Малх тахана а бара къегина. Лаьмнийн баххьаш <u>лайнах</u> лепара. Некъана уллорчу бай т1ехь доккхачу дитта уллохь шела-зезагаш хьаладевллера. Корах чу кхеттачу малхо юьхь тамехь йохйора, цунна, машен сацийна, аравала лиира. …(156дош. А.Ацалаев. «Ши дахар»)